

Pòtabilite Asirans Sante Volontè World Trade Center ak Otorizasyon Lwa Sou Responsablite

Non Pasyan an (sèvi ak lank sèlman – plim ki gen biy, si sa posib) Dat Nesans (MWA/JOU/ANE) Nimewo Sekirite Sosyal

Adrès Postal Vil Eta Zip

Fòm otorizasyon sa a pèmèt Konsèy Konpansasyon Travayè a ak Òganizasyon Sante World Trade Center a resevwa kopi dosye swen sante ki gen enfòmasyon pwoteje sou sante ou nan bi pou kowòdone avantaj pou ou, volontè World Trade Center a. Fòm sa a pa dakò pou pwofesyonèl swen sante w la (yo) diskite sou enfòmasyon sou swen sante w ak pèsonn.

Otorizasyon sa a volontè. Pwofesyonèl swen sante w la dwe ba w menm swen, kondisyon peman, ak avantaj, kit ou siyen fòm sa a kit ou pa siyen l. Ou gen dwa pou jwenn yon kopi otorizasyon sa a.

Otorizasyon sa a ap ekspire apre kowòdinasyon avantaj oumenm ak volontè WTC a, fini.

Ou gen dwa revoke otorizasyon sa a alekri nenpòt ki lè, men yon revokasyon ka pa efikas si moun oswa antite yo otorize a te deja aji sou baz otorizasyon sa a. Pou revoke otorizasyon sa a, voye yon lèt bay pwofesyonèl swen sante yo endike sou fòm sa a. Anplis de sa, voye yon kopi lèt sa a bay Konsèy Konpansasyon Travayè a.

Moun k ap resevwa enfòmasyon yo divilge yo ka divilge yo yon lòt fwa (ak eksepsyon enfòmasyon ki anba a konsènan tretman alkòl/dwòg, VIH/SIDA, tretman sante mantal ak nòt sikoterapi), epi Règ Konfidansyalite HIPAA p ap pwoteje yo ankò.

Fòm otorizasyon sa a pa dakò yo divilge enfòmasyon sou tretman alkòl/dwòg, VIH/SIDA, tretman sante mantal ak nòt sikoterapi sof si ou endike sa otreman, anba a. Verifye ki enfòmasyon yo ka divilge:

Tretman Alkòl/Dwòg VIH/SIDA Tretman Sante Mantal Nòt Sikoterapi

Pwofesyonèl swen sante ki divilge dosye medikal yo dwe suiv Lwa Eta New York ak HIPAA. Yon kopi otorizasyon HIPAA sa a pèmèt pwofesyonèl swen sante w la divilge dosye ki gen enfòmasyon pèsònèl sou sante ki gen rapò ak kondisyon aktyèl ou a, ki se sijè reklamasyon avantaj ou kòm volontè World Trade Center.

Non Pwofesyonèl Swen Sante a Nimewo Telefòn

Adrès Postal Vil Eta Zip

Non lòt Pwofesyonèl Swen Sante (si gen lòt) Nimewo Telefòn

Adrès Postal Vil Eta Zip

Mwen otorize pwofesyonèl swen sante ki nan lis pi wo a pou yo divilge kopi dosye sante mwen yo (sèlman) bay Konsèy Konpansasyon Travayè a, Òganizasyon Sante World Trade Center a, ak Fon Konpansasyon Viktim 11 Septanm yo nan bi pou kowòdone avantaj pou mwen.

Siyati Pasyan an Dat (MWA/JOU/ANE)

Non Ekri ak Lèt Majiskil

Si pasyan an pa kapab siyen, moun ki siyen sou non li an dwe ranpli epi siyen anba a:

Non Ou Siyati Relasyon ou ak pasyan an Dat (MWA/JOU/ANE)